

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina kahirupan sapopoé tangtu unggal jalma ngalaman kajadian-kajadian atawa pangalaman boh anu unik, pikaseurieun atawa pangalaman anu anéh tur ahéng. Kajadian anu karandapan téh sakapeung sok hésé dipohoikeun malah mah sok matak nineung. Éta pangalaman nu karandapan ku unggal jalma téh sok biasa disebut pangalaman pribadi.

Pangalaman pribadi mangrupa hiji pangalaman anu karandapan ku unggal jalma dina kahirupanana. Pangalaman anu kalakonon bisa mangrupa pangalaman anu sedih, gumbira jeung sajabana (Wijiati, 2011, kc.28). Leuwih jembar deui Tarigan (2008, kc. 13) nétélakeun yén pangalaman pribadi nyaéta hiji kajadian anu kungsi kaalaman ku diri sorangan di mangsa katukangan. Pangalaman pribadi biasana sok diébréhkeun dina wangun tulisan anu méré hiji hal boh pikabungaheun, pikasediheun jeung hal-hal anu séjénna dina kahirupan pribadi pangarang atawa nu nulis.

Nulis pangalaman pribadi mangrupa wincikan tina narasi. Nurutkeun Wibowo, spk. (2020, kc.52) ngébréhkeun yén karangan narasi mangrupa karangan anu ngagambarkeun kajadian nu tangtu. Dina nulis karangan narasi, panulis kudu ngawangun unsur tindakan sangkan anu maca bisa ngarasakeun kajadian anu keur karandapan.

Nulis téks pangalaman pribadi ogé jadi salasihiji pangajaran dina kaparigelan nulis basa Sunda anu kudu dicangking ku siswa kelas VII. Dumasar Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda Kurikulum 2013 revisi 2017 anu dipedalkeun ku Dinas Pendidikan Jawa Barat disebutkeun yén pangajaran nulis pangalaman pribadi jadi salasihiji matéri nu aya di kelas VII tingkat SMP/MTS kalawan Kompetensi Dasar (KD). *4.4 menyusun dan mengkomunikasikan teks narasi tentang pengalaman pribadi dengan memperhatikan struktur dan aspek kebahasaan.* (Dinas Pendidikan, 2017, kc.49)

Dumasar KD di luhur, hal anu kudu dihontal ku siswa kelas VII dina kurikulum ngeunaan matéri pangalaman nulis pribadi nyaéta sangkan siswa bisa nyusun téks pangalaman pribadi kalawan merenah jeung ngomunikasikeun téks narasi ngeunaan pangalaman pribadi kalawan merhatikeun struktur téks jeung aspék katatabasaan.

Panalungtikan ngeunaan kaparigelan nulis téks pangalaman pribadi téh lain hiji hal anu anyar, saméméhna réa panalungtikan anu geus dilakukeun di antarana Suparina (2014) kalawan judul *Modél Cooperative Script pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi : Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII B SMP Kartika XIX-2 Bandung Taun Ajaran 2018/2019*. Dina ieu panalungtikan ditétélakeun yén kamampuh siswa dina nulis téks pangalaman pribadi basa Sunda aya dina katégori kurang mampuh. Bangbaluh anu karandapan disababkeun kurangna kabiasaan siswa ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoé. Lian ti éta dumasar panalungtikan anu dilakukeun ku Khoiryah (2016) kalawan judul *Modél Pangajaran Field Trip pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi: Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas VII SMP Bina Dharma 3 Bandung Taun Ajaran 2015/2016*. Dina ieu panalungtikan ditétélakeun yén kamampuh siswa dina pangajaran nulis téks pangalaman pribadi masih kénéh héngkér. Ieu hal disababkeun kurangna modél pangajaran anu matak ngirut ka siswa, antukna pangajaran monoton jeung matak bosen.

Tina dua panalungtikan di luhur, katitén yén modél pangajaran téh bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis téks pangalaman pribadi. Tapi can bisa ngungkulan pasualan anu karandapan di kelas VII-6. Lantaran, dumasar wawancara anu dilakukeun ka guru basa Sunda kelas VII-6 di SMPN 1 Bandung, masalah anu karandapan ngeunaan nulis téks pangalaman pribadi téh nyaéta siswa masih kénéh bingung nalika ngebréhkeun ide atau nuliskeun kecap munggaran, eusi can ngaruntuy dumasar struktur téksna jeung kurang dina milih diksi anu merenah. Ieu hal balukar tina kurang merenahna métode atawa média anu digunakeun dina pangajaran. Prosés diajar bakal leuwih ngirut tur aktif saupama guru bisa ngagunakeun métode atawa média pangajaran anu luyu jeung karakteristik matéri ajar. Dumasar kana hal éta média pangajaran *Scrapbook* baris digunakeun pikeun ngungkulan pasualan nu karandapan dina ieu panalungtikan.

Nurutkeun Alfiah, Putra, & Subali (2018) *Scrapbook* nyaéta sajumlahing *memorable*, foto, téks, carita, narasi, tulisan, jsb anu di beungkeut jeung disusun kana hiji album atawa *hand-book*. Kaonjoyan dina média pangajaran *Scrapbook* téh nyaéta: (1) matak ngirut tina segi wana, gambar jeung desain; (2) miboga sipat réalistis; (3) bahan anu gampang dipaluruh tur bisa disaluyukeun jeung matéri anu rék diguar. (I. P. Sari, spk., 2020).

Lian ti éta média pangajaran *Scrapbook* miboga wangun anu unik jeung kreatif anu matak ngirut ka nu makéna, *Scrapbook* anu dimekarkeun dina ieu panalungtikan téh ngawengku konsép gambar jeung carita. Saupama éta média dipaké dina pangajaran nulis téks pangalaman pribadi kelas VII, siswa diperedih bisa ngébréhkeun eusi carita dumasar gambar anu katitén, anu satuluyna bisa dihias dumasar kana kréativitas masing-masing siswa.

Medar perkara média pangajaran *Scrapbook* anu raket patalina jeung sikep kréativitas ti pamakéna, ogé kaparigelan nulis nu bisa disebut minangka kréativitas ti pangarang, nurutkeun Munandar (dina Wiyono, 2018, kc. 93) nétélakeun yén alesan anu penting naha kréativitas kudu dimekarkeun di diri siswa kulantaran kréativitas mangrupa wangun wujudiah éksprési dirina, ogé bisa némbongkeun pamikiran-pamikiran anu bisa ngaronjatkeun kualitas hirupna.

Panalungtikan anu ngarojong kana ieu panalungtikan nyaéta panalungtikan anu dilakukeun ku Heryaneu (2015) medar ngeunaan *Efektivitas Penggunaan Media Scrapbook untuk Meningkatkan Kemampuan Menulis Karangan Deskripsi (Penelitian Eksperimen terhadap Siswa Kelas Lintas Minat Jerman 2 dan Jerman 3 di SMAN 23 Bandung Tahun Ajaran 2014/2015)*. Hasil dina ieu panalungtikan nétélakeun yén média pangajaran *Scrapbook* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina kaparigelan nulis karangan déskripsi sacara signifikatif. Lian ti éta aya panalungtikan anu dilakukeun ku Purwatiningsih jeung Madiun (2020) kalawan judul *Efektivitas Penggunaan Media Scrapbook terhadap Hasil Belajar Tematik Siswa SD*. Éta panalungtikan ngébréhkeun yén hasil panalungtikan ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* kana hasil diajar tematik siswa SD leuwih éféktif tibatan diajar ngagunakeun métodeu konvensional.

Tina panalungtikan di luhur, katitén yén média pangajaran *Scrapbook* bisa ngaronjatkeun hal anu patali jeung masalah kaparigelan nulis, saperti nulis

karangan déskripsi dina mata pelajaran basa Jerman. Sedengkeun dina kaparigelan nulis basa Sunda, utamana nulis téks pangalaman pribadi mah can aya nu kungsi nalungtik.

Ku kituna, dumasar pedaran di luhur, panalungtikan anu judulna “Média Pangajaran *Scrapbook* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Téks Pangalaman Pribadi (Studi Kuasi Ékspérimén Siswa Kelas VII-6 SMPN 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023) perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu dipedar di luhur, aya sababaraha masalah anu kaidéntifikasi, nyaéta:

- 1) kurangna kamampuh kaparigelan nulis téks pangalaman pribadi, ditilik tina kurangna pamahaman siswa kana sturktur téks jeung aspék katatabasaan,
- 2) siswa hésé ngebréhkeun ide atawa gagasan sacara tinulis ngagunakeun basa anu merenah, bingung nalika ngamimitian nyusun kalimah atawa nuliskeun kecap munggaran, sarta hésé nyusun hiji kalimah dina ide poko antara kalimah hiji jeung kalimah séjénna sacara utuh,
- 3) média anu jarang dipaké ngabalukarkeun kagiatan pangajaran jadi monoton antukna siswa jadi teu aktif dina kagiatan pangajaran, sarta
- 4) Média pangajaran *Scrapbook* can kungsi digunakeun dina ngungkulan pasualan nulis téks pangalaman pribadi.

1.3 Rumusalah Masalah

Tina idéntifikasi masalah nu diébréhkeun di luhur, sangkan pasualan nu rék dianalisis tur dipedar dina ieu panalungtikan puguh ambahanana ogé puguh watesanana, masalah panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pertanyaan ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis téks pangalaman pribadi siswa saméméh ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* di kelas VII-6 SMPN 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023?

- 2) Kumaha kamampuh nulis téks pangalaman pribadi siswa sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* di kelas VII-6 SMPN 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023?
- 3) Aspék-aspek naon waé anu ngaronjat dina pangajaran nulis téks pangalaman pribadi saméméh jeung sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* di kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023?
- 4) Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis téks pangalaman pribadi saméméh jeung sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* di kelas VII-6 SMPN 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023?
- 5) Kumaha réspon siswa kana média pangajaran *Scrapbook* dina nulis téks pangalaman di kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023?

1.4 Tujuan Panalungtikan

Unggal panalungtikan tangtu miboga tujuan. Anapon tujuan dina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.4.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun, nganalisis jeung nguji larapna média pangajaran *Scrapbook* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis téks pangalaman pribadi di kelas VII-6 SMPN 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023

1.4.2 Tujuan Husus

Luyu jeung kasang tukang jeung rumusan masalah ogé dumasar tujuan umum di luhur. Tujuan husus ieu panalungtikan téh pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh nulis téks pangalaman pribadi siswa kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook*;
- 2) kamampuh nulis téks pangalaman pribadi siswa kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023 sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook*;
- 3) aspék-aspek nu ngaronjat kamampuh nulis téks pangalaman pribadi siswa kelas VII-6 SMPN 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh jeung sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook*;

Nisa Fitria Hidayah, 2022

MÉDIA PANGAJARAN SCRAPBOOK PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS TÉKS PANGALAMAN PRIBADI (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 4) tingkat henteuna kamampuh nulis téks pangalaman pribadi siswa kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh jeung sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook*;
- 5) réson siswa kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023 kana larapna média pangajaran *Scrapbook*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat kabagi jadi dua, nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, anu baris diébréhkeun di handap ieu.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan téh miboga maangpaat pikeun dunya atikan, dina méré sumbangan pamikiran ogé informasi dina atikan husuna dina milih média pangajaran *Scrapbook* pikeun ngaronjatkeun nulis téks pangalaman pribadi

1.4.2 Mangpaat Praktis

1) Pikeun Siswa

Siswa bisa mikanyaho mangpaat média pangajaran *Scrapbook* dina pangajaran nulis téks pangalaman pribadi, nepi ka minat jeung sumanget siswa kana diajar nulis téks pangalaman pribadi bisa ngaronjat. Ogé dipiharep siswa bisa ka motivasi dina diajar ngaronjatkeun kaparigelan nulis.

2) Pikeun Guru

Ngaliwatan ieu panalungtikan, guru bisa mikaweruh média pangajaran nu bisa dipaké pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis téks pangalaman pribadi. Ogé guru bisa mikanyaho kamampuh siswa dina nulis téks pangalaman pribadi sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook*.

3) Pikeun Panalungtik

Sanggeus ngalaksanakeun ieu panalungtikan, bisa mikanyaho babandingan saméméh ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* jeung sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook*, ogé mikaweruh média pangajaran *Scrapbook* dina pangajaran nulis téks pangalaman pribadi.

1.5 Raraga Tinulis

Dina ieu skripsi disusun jadi lima bab nya éta BAB I eusina ngawengku kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan.

Dina BAB II eusina ngawengku ulikan tiori nu ngawengku tiori média pangajaran *Scrapbook*, tiori nulis téks pangalaman pribadi, panalungtikan saméméhna, raraga mikir jeung hipotésis.

Dina BAB III eusina ngawengku desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, prosedur panalungtikan, jeung analisis data.

Dina BAB IV eusina ngawengku kamampuh awal nulis téks pangalaman pribadi siswa kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook*, kamampuh ahir nulis téks pangalaman pribadi siswa kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023 sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook*, aspék-aspék nu ngaronjat kamampuh nulis téks pangalaman pribadi siswa kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh jeung sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook*, béda antara kamampuh nulis téks pangalaman pribadi siswa kelas VII-6 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh jeung sabada ngagunakeun média pangajaran *Scrapbook* ogé pamungkas réspon siswa kana larapna média pangajaran *Scrapbook*.

Dina BAB V kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi. Kacindekan mangrupa inti tina ieu panalungtikan. Anapon sangkan ieu panalungtikan bisa méré mangpaat ka hareupna, dina ieu bab ditambahan subbab rékoméndasi anu ditepikeun ku panalungtik ka nu maca.